



# Chalè ak Sechrès

Chanjman klimatik la ogmante kantite jounen ki cho anpil yo nan Massachusetts epi tanperati yo ta dwe ogmante yon fason konsiderab nan syèk kap vini an. Jeneralman, yo pale de gwo chalè lè tanperati a depase 90 degré—Se lè sa nou konstate yon gwo ogmantasyon maladi ak lanmò ki gen rapò ak chalè a

Ogmantasyon tanperati a ka lakòz gwo chanjman nan modèl klima a. Pa egzanp, peryòd long san lapli ka anpeche pi ak rezèvwa yo jwenn dlo fre, pandan y ap estoke sibstans ki kontamine ak bakteri danjere nan dlo n ap bwè epi benyen yo. Ogmantasyon bakteri ak sibstans kontamine yo ka bay pwoblèm nan kesyon dlo n ap sèvi chak jou yo epi lakòz maladi gastwoestinal.

Kondisyon pousyè, sechrès ak dife nan forè ki rive akòz sechrès yo kapab lakòz move kalite lè, ki irite poumon yo epi fè maladi respiratwa, tankou opresyon yo vin pi mal. Move kalite lè kapab ogmante risk enfeksyon respiratwa yo tou tankou bwonchit.

## Ki moun kigen pi gwo risk?

- Moun ki gen plis pase 65 lane
- Timoun ki pokò gen 5 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb



## Kisa nou ka fè nan ka sa?

- Enstale aparèy elektwomenaje ak aparèy plonbri ki efikas nan zafè konsomasyon dlo
- Panse ak amenajman peyizaj ak plant endijèn ki reziste ak sechrès yo
- Respekte tout restriksyon pou itilizasyon dlo founisè w la ap ba ou yo
- Teste kalite dlo ki nan pi prive yo yon fason ki regilye
- Pratike Konsèvasyon Dlo



**W ap jwenn plis enfòmasyon sou:  
[mass.gov/ClimateAndHealth](http://mass.gov/ClimateAndHealth)**



Bureau of Climate and Environmental Health  
Environmental Toxicology Program  
Massachusetts Department of Public Health